

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1 Kacindekan**

Unggal patempatan tinangtu miboga kasang tukang carita séwang-séwangan dina prosés méré ngaranna. Loba aspék-aspék anu mangaruhan kayaning aspék fisik, aspék sosial, jeung aspék kultural. Kalolobaan asal-usul ngaran-ngaran kampung nu aya di daérah Kacamatan Kersamanah didasarkeun kana aspék non fisik, nya éta dumasar kana aspék sosial jeung kultural. Sanajan aya sababaraha ngaran kampung anu didasarkeun kana aspék fisik. Sedengkeun pola anu dipakéna loba nu ngagabungkeun fénoména alam anu kajadian atawa ngagunakeun pola barung.

Sabada ngayakeun wawancara ka narasumber, tina 54 kampung nu aya di Kacamata Kersamanah, aya 46 ngaran kampung anu kasusud asal-usul caritana.

Tina hasil analisis, ngaran kampung nu aya di Kacamatan Kersamanah dumasar kana pola anu dipakéna aya 25 ngaran kampung anu ngagunakeun pola barung, jeung nu maké pola liniér aya 21 ngaran kampung. Sedengkeun dumasar kana aspék anu mangaruhanna aya 20% ngaran tempat anu didasarkeun kana aspék fisik unsur hidrologis, 4.2% ngaran tempat anu didasarkeun kana aspék fisik unsur géomorfologis, 18.2% ngaran tempat anu didasarkeun kana aspék fisik unsur biologis (flora), 2.8% ngaran tempat anu didasarkeun kana aspék fisik unsur biologis (fauna), 27,4% ngaran tempat anu didasarkeun kana aspek sosial, sarta 27,4% ngaran tempat anu didasarkeun kana aspek kultural.

#### **5.2 Saran**

##### **1) Pikeun Masarakat**

Pikeun masarakat utamana generasi ngora, kudu reueus kana kabeungharan budaya anu aya di wewengkon sabudeureunana, pangpangna mah kana budaya lisan anu sipatna robah-robah. Sabab upama teu dijaga éta

budaya téh bisa leungit, malah mah bakal kadéséh ku budaya séjén tur generasi saterusna baris pereumeun obor.

## 2) Pikeun Guru

Para guru anu nyekel pangajaran basa Sunda kudu néangan bahan pangajaran alternatif, ulah wungkul ngandelkeun kana buku sumber. Leuwih hadé upama para guru miboga pangaweruh ngeunaan budaya atawa sastra anu aya di masarakat sabudeureunana sangkan matéri anu ditepikeun leuwih mekar sarta siswa apal kana budaya nu aya di lingkungan sabudeureunana.

## 3) Pikeun Pamaréntah

Pamaréntah kudu leuwih towéksa kana budaya anu sumebar di masarakat, utamana budaya lisan anu teu kadokumentasikeun. Sabab bisa waé leungit. Ku kituna ngaran atawa kaayaan hiji tempat kudu dipikawanoh ku réngréngan, hadéna mah ti RT nepi ka kadés komo upama nepi ka luluhurna mah. Ku kituna kepala désa jeung aparatna kudu bisa ngainvéntarisasi budaya jeung kabeungharan tradisi lianna anu aya di wilayahna.